

VOYE APLIKASYON AN PA LAPÒS BAY: VOYE YON PDF OSWA FAKS:
Harborlight Homes asburylottery@harborlighthomes.org
P.O. Box 507 978-922-2874 (fax)
Beverly, MA 01915

Non Legal Kandida a _____

Telefòn _____ Imèl _____

Adrès _____ Vil _____ Eta/Kòd Postal _____

Mwen tande pale de lotri a nan (tcheke tout sa ki aplike yo):

Sitwèb: _____ Lèt: _____

Reklam: _____ Lòt: _____



ENPÒTAN Aplikasyon sa a pa konplè si ou pa ranpli, siyen, ak soumèt li ak YON KOPI CHAK dokiman aplikab jan nou espliche sa annapre a. Kandida yo dwe verifye tout salè ak byen yo selon règleman EOHLC yo. Yo gendwa mande dokiman anplis selon sikonstans espesifik kandida a. Mankman pou bay yon aplikasyon konplè ak dokiman sipò gendwa retade pwosesis apwobasyon ak kapasite pou patisipe nan lotri a. Nou ta renmen enfòme w ke aplikasyon lotri yo soumèt nan entèval 1-semèn parapò ak dat limit la pa gen garanti y ap revize yo. N ap ankouraje w soumèt aplikasyon w lan bonè pou asire ke y ap aksepte w, ke pwosesis la konplè ak kondisyon kalifikasyon.



DOKIMAN VERIFIKASYON SALÈ OBLIGATWA (TCHEKE SI LI LADANN):

_____ TOUT KANDIDA: Deklarasyon enpo Federal ane pase (PA METE DEKLARASYON ETA A), sa ki genyen ladann fòm 1099 ak W2 pou chak moun k ap viv nan fwaye a ki genyen plis pase 18 lane. Si w pa genyen obligasyon pou bay dokiman taks, tanpri ekri N/A.

_____ TOUT KANDIDA: Twa (3) relve bankè konplè ki pi resan (mete tout paj yo) pou tout kont bankè, kont investisman, kont retrèt, CD, byen imobilye, valè kach asirans vi, elatriye. Si w pa genyen ankenn kont oswa byen kalite sa yo, tanpri ekri N/A.

_____ SI W AP TRAVAY: Senk (5) souch chèk peman ki pi resan, pou tout anplwaye salarye nan fwaye a ki genyen plis pase 18 lane. Sis (6) mwa dokimantasyon salè pou travayè sezonye ak sa k ap travay pa èdtan. Pou chomaj, andikap, konpansasyon travayè, ak/oswa prim revokasyon, kopi chèk oswa verifikasyon DOR ki deklare avantaj ke w ap resevwa yo.

_____ SI W ENDEPANDAN: Bay depans an detay ak deklarasyon rantrè pou senk (5) mwa avan soumisyon aplikasyon w nan, ansanm ak twa (3) relve pa mwa pou tout kont chèk ak epay biznis la.

_____ SI W TE RESEVWA: Deklarasyon konplè ki pi resan (mete tout paj yo) ke w resevwa nan Sekirite Sosyal, anuite, polis asirans, fon retrèt, pansyon, avantaj DTA, andikap, oswa avantaj lanmò, elatriye.

_____ SI W PA GENYEN SOUS SALÈ: Ou dwe soumèt yon deklarasyon notarye zewo (\$0) salè.

DOKIMAN ANPLIS KI GENDWA APLIKAB SELON SIKONSTANS ESPESIFIK OU (TCHEKE SI LI LADANN):

_____ SI W AP RESEVWA SIPÒ POU TIMOUN ak/oswa PANSYON ALIMANTÈ: Dokimantasyon legal ki montre montan peman an. Si pa genyen dokiman legal ki egziste, bay yon deklarasyon alekri ki endike montan ke w resevwa chak mwa a.

_____ SI LI APLIKAB: Enterè, dividann, ak lòt rantrè ki soti nan byen imobilye oswa pwopriyete pèsònèl.

_____ SI W ANSENT: Prèv gwosès la; yo gendwa konte timoun ki poko fèt la antanke manm fwaye a.

_____ SI LI APLIKAB: Dokiman enskripsyon lekòl pou moun ki nan sityasyon etidyan a plen tan ki genyen plis pase 18 lane.

_____ SI W NAN YON PWOSESIS DIVÒS oswa SEPARASYON: Pwosesis dokimantasyon legal ki montre ke pwosesis la te kòmanse oswa fini.



ENFÒMASYON FWAYE A

Non Moun ki ta Dwe Rezide nan Lojman an (Non, Inisyal Dezyèm Non, Siyati)	Relasyon ak Kandida a	Laj	Dat ou Fèt:
1	Kandida		
2			
3			
4			
5			
6			

Ki gwosè apatman w bezwen? (chwazi yon sèl gwosè apatman) ¹

1-Chanm **-OSWA-** (1-2 moun) 2-Chanm **-OSWA-** (2-4 moun) 3-Chanm (3-6 moun)

Èske w gen yon kupon asistans lokasyon mobil? ²

Wi Non

SI WI ki kalite kupon mobil?

Seksyon 8 MRVP Lòt

Èske ou viv oswa travay nan vil Hamilton, oswa gen timoun ki al lekòl piblik nan Distri Lekòl Rejyonal Hamilton-Wenham?

Wi Non

SI WI, OU DWE BAY DOKIMANTASYON POU VERIFYE PREFERANS LOKAL YON FASON POU W RESEVWA PREFERANS LOKAL NAN LOTRI INISYAL LA (make SI LI LADANN):

- Kontra lwaye ak/oswa resi lokasyon
- Fakti sèvis piblik aktyèl oswa taks sou pwopriyete
- Enskripsyon elektè
- Istorik travay
- Enskripsyon lekòl pou kandida ki pa lokal (egz. etidyan School Choice oswa METCO)

Èske w gen bezwen yon apatman Aksesib pou Mobilite (ADA Tip 2)?

Wi Non

Èske ou bezwen yon inite pou sipòte moun ki gen pwoblèm tande?

Wi Non

Èske w ap aplike pou yon inite atravè pwogram MassAbility/EOHHS Lojman Ki Baze sou Kominote (CBH)? Wi Non
(SI WI, YON SÈTIFIKASYON CBH FÒMAL AP OBLIGATWA POU VERIFYE ELEGIBILITE PWOGRAM NAN)

¹ Kalifikasyon pou gwosè inite dwe satisfè restriksyon gwosè kay la ak/oswa direktiv okipasyon jan yo ka aplike. Règleman EOHLC egzije ke koup marye, oswa moun ki nan yon aranjman viv ansanm ki sanble, dwe pataje yon chanm.

² Nan ankenn sikonstan yo p ap fè diskriminasyon kont kandida ki genyen kupon pou detèmine apwobasyon yo nan yon aplikasyon lotri; n ap aksepte tout kupon.

SI REPONN WI, APLIKAN YO SELEKSONE KATEGORI KI APLIKAB LAN 1-4 (MARK POU SELEKSYONE) EPI BAY DOKIMAN YO MANDE YO POU KA BENEFISYE PREFERANS SANZABRI.

MAKE <input checked="" type="checkbox"/> SI SE WI	KATEGORI SANZABRI	DESKRIPSYON/KRITÈ	DOKIMAN OBLIGATWA
<input type="checkbox"/>	Kategori 1: Sanzabri Literalman	Endividi oswa fanmi ki manke yon rezidans fiks, regilye, ak apwopriye pou lannwit, ki vle di: (i) Gen yon rezidans pou lannwit ki se yon espas piblik oswa prive ki pa fèt pou moun abite (ii) L ap viv nan yon abri ki gen operasyon prive oswa piblik ki fèt pou aranjanman tanporè pou moun viv (ki gen ladann abri rasanbleman, lojman tranzisyonèl, epi otèl ak motèl yon òganizasyon charite oswa pwogram gouvènman federal, eta ak lokal peye); <u>oswa</u> (iii) Ap kite yon enstitisyon kote li te abite pandan 90 jou oswa mwen <u>epi</u> li te viv nan yon abri ijans oswa yon kote ki pa t fèt pou moun abite imedyatman avan l antre nan enstitisyon sa a.	<ul style="list-style-type: none"> • Obsèvasyon ekri travayè sansibilizasyon an; <u>oswa</u> • Referans ekri yon lòt lojman oswa founisè sèvis; <u>oswa</u> <p><i>Pou endividi k ap kite yon enstitisyon:</i> Youn nan fòm prèv ki site anvan an <u>ak</u></p> <ul style="list-style-type: none"> • Dokiman dechaj oswa referans ekri/oral, <u>oswa</u> • Dilijans ekri yon travayè admisyon pou jwenn prèv anvan yo <u>ak</u> sètifikasyon yon endividi ke yo te kite enstitisyon an.
<input type="checkbox"/>	Kategori 2: Risk Pwòch pou Sitiyasyon Sanzabri	Endividi oswa fanmi ki tou pre pou pèdi rezidans lannwit yo, a kondisyon ke: (i) Y ap pèdi rezidans lan nan yon entèval 14 jou dat aplikasyon pou sitiyasyon sanzabri a; (ii) Yo pa idantifye ankenn lòt kay kote yo prale apre; <u>epi</u> (iii) Endividi a oswa fanmi an manke resous oswa rezo sipò li bezwen pou jwenn lòt lojman pèmanan.	<ul style="list-style-type: none"> • Yon òdonans tribinal ki fèt akòz yon aksyon degèpisman ki enfòmè endividi oswa fanmi an ke yo dwe deplase; <u>oswa</u> • Pou endividi ak fanmi k ap kite yon otèl oswa motèl—prèv yo manke resous finansye pou rete; <u>oswa</u> • Yon deklarasyon oral ki dokimante ak verifye; <u>ak</u> • Sètifikasyon yo pa rive idantifye ankenn lòt rezidans;
<input type="checkbox"/>	Kategori 3: Sanzabri sou baz lòt kondisyon Federal	Jèn mwens pase 25 an ki pa akonpanye, oswa fanmi ak timoun ak jèn ki osinon pa kalifye selon definisyon sa a, men ki: (i) Defini kòm sanzabri sou baz lòt kondisyon federal ki site; (ii) Pa t genyen kontra lwaye, enterè pwopriyete, oswa kontra okipasyon nan yon lojman pèmanan pandan 60 jou anvan aplikasyon asistans sanzabri a; (iii) Te fè fas ak sitiyasyon enstabilite ki te pèsiste ke de oswa plis depasman te mezire pandan 60 jou ki sot pase yo; <u>epi</u> (iv) Yo kapab espere ke l ap kontinye nan kondisyon sa a pandan yon peryòd pwolonje akòz bezwen espesyal oswa obstak.	<ul style="list-style-type: none"> • Sètifikasyon yon òganizasyon san pwofi oswa gouvènman eta oswa lokal te bay endividi oswa chèf fwaye k ap chache asistans lan te ranpli kondisyon sitiyasyon sanzabri selon lòt kondisyon federal; <u>epi</u> • Sètifikasyon san PH (Rezidans Pèmanan) pandan 60 jou ki sot pase yo; <u>epi</u> • Sètifikasyon endividi oswa chèf fwaye a, ak nenpòt dokiman sipò ke li te demenaje de oswa plis fwa pandan 60 jou ki sot pase yo; <u>epi</u> • Dokimantasyon bezwen espesyal oswa 2 <u>oswa</u> plis obstak.

MAKE <input checked="" type="checkbox"/> SI SE WI	KATEGORI SANZABRI	DESKRIPSYON/KRITÈ	DOKIMAN OBLIGATWA
<input type="checkbox"/>	Kategori 4: Sove oswa fè tantativ pou sove kont Vyolans Domestik (Domestic Violence, DV)	<p>Tout moun oswa fanmi ki: (i) ap sove, oswa ap eseye sove, kont vyolans domestik; (ii) Pa gen lòt rezidans; epi (iii) Li manke resous oswa sipò pou jwenn lòt lojman pèmanan.</p>	<p><i>Pou founisè k ap bay sèvis pou viktim yo:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon deklarasyon aloral moun lan oswa chèf fanmi an ki di l ap chèche èd ki deklare: li sove ; li pa genyen okenn lòt kote; epi li manke resous. Deklarasyon an dwe dokimante ak yon atestasyon ajan akèy la bay. <p><i>Pou founisè k ap bay sèvis pou moun ki viktim yo:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Deklarasyon aloral moun lan oswa chèf fanmi an ki di l ap chèche èd paske li nan kouri. Deklarasyon sa a dwe dokimante gras ak yon deklasyon volontè oswa se travayè sosyal lan ki pou fè li. Lè sekirite moun lan oswa fanmi pa an danje, yo dwe verifeye deklarasyon aloral lan; <u>epi</u> • Sètifika moun lan oswa chèf fanmi an ki di li pa te idantifye okenn rezidans.

FÒM RAPÒ RAS AK ETNISITE (OCHWA)

Kategori rapò minorite genyen sèlman Endyen Amerik oswa Natif Alaska, Nwa oswa Afriken Ameriken, Natif Awayi oswa Zile Pasifik, oswa Lòt (ki pa blan); ansanm ak klasifikasyon etnik Ispanik oswa Latino. Tanpri gade Enstriksyon ak definisyon kategori yo nan lòt paj aplikasyon sa a. Pa genyen sanksyon pou moun ki pa ranpli seksyon sa a nan aplikasyon an.

Kategori Etnik (Chwazi Youn)	Kandida	Lòt Moun ki nan Kay la
Ispanik oswa Latino		
Pa Ispanik oswa Latino		
Kategori Rasyal (Chwazi Tout Sa ki Aplikab yo)	Kandida	Lòt Moun ki nan Kay la
Endyen Amerik oswa Natif Alaska		
Azyatik		
Nwa oswa Afriken Ameriken		
Natif Awayi/ Moun Zile Paisifik		
Blan		
Lòt (ki pa Blan) _____		

ENSTRIKSYON POU FÒM RAPÒ ENFÒMASYON SOU RAS AK ETNISITE A

Pwopriyete ak ajan yo genyen obligasyon pou ofri kandida/lokatè a opsyon pou li ranpli fòm sa a. Fòmilè sa a dwe ranpli nan moman aplikasyon inisyal la oswa pandan siyati kontra lwaye a. Lokatè ki sou plas yo dwe jwenn opòtinite tou pou ranpli fòm nan, nan kad pwochen enterim oswa resètifikasyon chak ane yo. Yon fwa fòm nan fin ranpli li p ap bezwen ranpli ankò amwenske chèf fwaye a oswa konpozisyon fwaye a chanje. **Pa genyen sanksyon pou moun ki pa ranpli fòm sa a.** Sepandan, pwopriyete oswa ajan an gendwa mete yon nòt nan dosye lokatè a ki di ke kandida/lokatè a te refize ranpli fòm sa a. **Paran oswa gadyen yo dwe ranpli fòm nan pou timoun ki genyen mwens pase 18 an.**

- Pami de kategori etnik ou ta dwe chwazi yo defini annapre a. Ou ta dwe tcheke youn nan de kategori yo:
 - Ispanik oswa Latino.** Yon moun kilti oswa orijin Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Amerik Santral oswa Disid oswa lòt kilti oswa orijin Panyòl, kèlkeswa ras la. Tèm "Orjin Panyòl" la kapab itilize anplis "Ispanik oswa Latino."
 - Pa Ispanik oswa Latino.** Yon moun ki pa genyen kilti oswa orijin Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Amerik Santral oswa Disid oswa lòt kilti oswa orijin Panyòl, kèlkeswa ras la.
- Senk kategori rasyal pou chwazi pami yo defini annapre a. Ou ta dwe tcheke tout sa ki aplikab avèk ou yo:
 - Endyen Amerik oswa Natif Alaska.** Yon moun ki genyen orijin ni pami endijèn Amerik di Nò oswa di Sid (sa ki gen ladann Amerik Santral), ak kiyès ki kenbe afilyasyon tribal oswa atachman kominotè.
 - Azyatik** Yon moun ki genyen orijin ni pami pèp orijinal Ekstrèm Oryan, Azi Sidès, oswa soukontinan Endyen an ki genyen ladann, pa egzanp, Kanbòdj, Chin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Zile Filipin, Tayland, ak Vyetnam
 - Nwa oswa Afriken Ameriken.** Yon moun ki genyen orijin ni pami nenpòt nan gwoup rasyal Afrik. Tèm tankou "Ayisyen" ka sèvi anplis "Nwa" oswa "Afriken Ameriken."
 - Natif Awayi/ Moun Zile Paisifik.** Yon moun ki genyen orijin pami pèp orijinal Awayi, Guam, Samoa, oswa lòt Zile Pasifik.
 - Blan.** Yon moun ki genyen orijin pami pèp orijinal Ewòp, Mwayen-Oryan, oswa Afrik di Nò.

REVNI

Site revni tout manm fwaye a ki genyen laj 18 an oswa plis ki site nan aplikasyon pou rezide nan apatman an (men ki pa limite ak), tankou salè, sipò pou timoun, avantaj Sekirite Sosyal, tout kalite pansyon, anplwa, Konpansasyon Chomaj, Konpansasyon Travayè, pansyon alimantè, avantaj andikap oswa lanmò, enterè/dividann, kado regilye oswa salè peryodik, ak nenpòt lòt fòm revni. Adilt ak (\$0) salè gen obligasyon soumèt yon deklarasyon notarye. Si w bezwen plis espas, tanpri ajoute yon lòt fèy.

Kalite Salè		Sous Salè	Montan BRIT pa Ane
1			
2			
3			
4			
5			
6			
TOTAL			

AKTIF

Lis tout kont labank (chèk ak ekonomi), CD, aksyon, obligasyon, kont retrèt, obligasyon ekonomi, pwopriete reyèl, ak/oswa nenpòt lòt envestisman anba a. Si w bezwen plis espas, tanpri atache yon lòt fèy. Byen kay la pa enkli pwopriete pèsoneèl esansyèl. Limit byen aplike pou inite sibvansyone ki gen 30% AMI selon kondisyon pwogram sibvansyon an (kounye a \$105,574 pou inite Seksyon 8 ak \$25,000 pou inite MRVP); kont retrèt (IRA, 401k) ak kont edikasyon (529/530) yo egzante de limit byen. Si/ki lè ou gen opòtinite pou lwe, inite abòdab la dwe rezidans prensipal ou, a plen tan.

Kalite Aktif		Non Bank/Koperatif Kredi	# Kont	Valè oswa Balans
1	Kont chèk			
2	Kont epay			
3	Kont retrèt			
4	Lòt: _____			
5	Lòt: _____			
6	Lòt: _____			
TOTAL				

SITIYASYON ANPLWA

Tanpri bay enfòmasyon pou chak manm fwaye a ki anplwaye ki genyen 18 oswa plis pou nenpòt travay regilye, okazyonèl, tanporè oswa revni sezonye. Ou dwe dokimante tout salè travay yo jan sa esplike nan Paj 1 aplikasyon sa a.

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

Non Anplwaye a: _____

Okipasyon: _____

Anplwayè Aktyèl la: _____

Adrès Anplwayè a: _____

Non ak Tit Sipèvizè a: _____

Dat Anboch: _____ Salè Brit Pa Ane: _____

SÈTIFIKASYON KANDIDA

1. Mwen/Nou sètifye ke fwaye a genyen ____ moun, jan dokiman montre sa la a.
2. Mwen/Nou sètifye ke kantite revni fwaye a se \$ _____, jan dokiman montre sa la a.
3. Mwen / Nou sètifye ke byen total kay mwen egal \$ _____, jan dokimante isit la.
4. Mwen/Nou sètifye ke enfòmasyon nou bay nan aplikasyon sa a se verite epi yo kòrèk nan pi wo nivo konesans ak kwayans mwen sou pèn sanksyon fo deklarasyon. Mwen konprann ke enfòmasyon ki fo oswa manke gendwa debouche sou diskalifikasyon pou plis konsiderasyon.
5. Mwen/Nou sètifye ke pa genyen manm fanmi an ki genyen enterè finansye nan pwojè a.
6. Mwen/Nou konprann ke seleksyon nan loto a pa garanti ke mwen pral kapab lwe yon inite. Mwen konprann ke tout done aplikasyon yo ap verifye, epi enfòmasyon finansye siplemantè ka bezwen, verifye, epi revize anvan lwe yon inite. Mwen menm tou mwen konprann ke pwopriyetè pwojè a ap fè tcheke, ki gen ladan verifikasyon dosye kriminel ak kredi, pou detèmine kalifikasyon.
7. Mwen/Nou konprann Harborlight Homes ap opere yon kominote moun pa fimen, ki vle di fimen nan nenpòt fason entèdi nan apatman endividyèl, enteryè ak espas komen eksteryèl yo, ak tout lòt kote sou pwopriyete a.
8. Mwen/Nou otorize Harborlight Homes verifye tout enfòmasyon finansyè ak enfòmasyon fwaye a epi mande nenpòt anplwayè, pwopriyetè oswa enstitisyon finansye pou pibliye nenpòt enfòmasyon bay Harborlight Homes ak pwopriyetè pwojè a pou detèmine kalifikasyon.
9. Mwen/Nou konprann yo gendwa revize salè ak limit aktif yo chak ane epi gendwa chanje an konfòmite ak lwa eta ak/oswa federal. Mwen konprann tou kèk apatman pwopriyete sa a gendwa egzije plis restriksyon salè ak aktif dapre pwogram egzijans pwogram sibvansyon an ak/oswa akò reglemantè.
10. Mwen/Nou konprann ke si revni mwen/nou depase 140% maksimòm otorize epi nan moman detèminasyon anyèl pou kalifikasyon, nan moman fen tèm lwaye m nan, mwen p ap kalifye pou lwaye ekonomik la (sa ki aplikab pou pwopriyete LIHTC sèlman).
11. Mwen/nou konprann ke se responsablite m pou kenbe Harborlight Homes okouran sou nenpòt chanjman nan salè, aktif, konpozisyon fwaye, ak/oswa enfòmasyon pou kontakte m.

Mwen/Nou te ranpli aplikasyon an epi te revize ak konprann pwosesis ki pral sèvi pou distribye apatman disponib yo. Mwen kalifye sou baz direktiv pwogram nan epi dakò pou m konfòme m ak règlemantasyon obligatwa yo.

Siyati Kandida a

Dat

Siyati Ko-Kandida a

Dat

Asbury Common LLC ak/oswa Harborlight Community Partners, Inc. dba Harborlight Homes pa fè diskriminasyon nan seleksyon kandida yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, zansèt, timoun, estati fanmi, enfòmasyon jenetik, eta sivil, resepsyon asistans piblik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, estati veteran/militè, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

Kandida ki genyen andikap gendwa mande (i) modifikasyon nan apatman oswa devlopman an, oswa (ii) akomodasyon nan règ, politik, pratik, oswa sèvis si modifikasyon ak akomodasyon sa yo nesèsè pou fasilite opòtinite egal pou itilize ak byen pwofite lojman an.

APLIKASYON SA A SÈLMAN FÈT POU DEVLOPMAN ESPESIFIK LA